

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Unggal Panalungtikan tangtu ngagunakeun métode panalungtikan pikeun ngumpulkeun atawa ngolah data. Arikunto (2013, kc.7) nétélakeun yén métode panalungtikan mangrupa cara pikeun ngumpulkeun data. Métode panalungtikan aya sababaraha jenis nyaéta métode historis, métode deskriptif, métode *ex post facto*, jeung métode ékspérimen. Dumasar kana jenis-jenis métode, jenis métode deskriptif mangrupa salah sahiji jenis métode nu umum digunakeun dina panalungtikan, sabab ieu métode ngadeskripsikeun fakta-fakta langsung tina obyek. Supardi (2006, kc.28) nétélakeun yén sacara gurat badag, métode deskriptif mangrupa hiji kagiatan panalungtikan nu ngagambarkeun hiji paristiwa atawa gejala sacara sistematis faktual jeung runtuyannana aktual. Ku kituna ieu panalungtikan nu ngaguar ngeunaan struktural jeung psikologi humanistik, ngagunakeun métode deskriptif.

Métode déskriptif dipilih pikeun ngumpulkeun data tina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana nu satuluyna dianalisis. Ratna (2013) nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa métode anu ngumpulkeun data ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, udaganna pikeun meunangkeun unsur-unsur data, tuluy dilajengkeun kana tahap analisis. Tina hal éta panalungtikan ogé kudu nangtukeun pamarékan nu luyu kana métode nu digunakeun pikeun ngahasilkeun data akurat sacara deskriptif. Patali kana métode deskriptif, ieu panalungtikan ogé nangtukeun pamarékan nu bakal ngarojong kana hasil deskriptif, pamarékan nu dipilih nyaéta pamarékan kualitatif. Bogdan jeung Taylor (tina Lexy, 2010) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngahasilkeun data deskriptif tina kekecapan tinulis atawa lisan ti manusa jeung paripolah nu keur ditalungtik. Hal éta anu ngajadikeun ieu panalungtikan ngagunakeun pamarékan kualitatif. Salian ti patalina kana métode deskriptif, pamarékan kualitatif dipilih lantaran nyumponan kana udagan ieu panalungtikan jeung cara ngahasilkeun data nu nyokot kana kekecapan atawa paripolah manusa sacara tinulis atawa lisan. Ku kituna

panalungtikan ulikan struktural jeung psikologi humanistik dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana ngangunakeun métode panalungtikan deskriptif kualitatif.

3.1 Desain panalungtikan

Desain palungtikan nyaéta tahapan panalungtikan nu mangrupa runtuyan léngkah-léngkah panalungtikan. Arikunto (2013) nétélakeun yén dina panalungtikan aya sababaraha léngkah, nyaéta :

- 1) milih masalah,
- 2) studi pendahuluan,
- 3) ngarumuskeun masalah,
- 4) ngarumuskeun hipotesis,
- 5) milih pamarékan,
- 6) nangantukeun variable jeung sumber data,
- 7) nangtukeun jeung nyusun instrumén,
- 8) ngumpulkeun data,
- 9) nganalisis data,
- 10) nyieun kacindekan.

3.1 Téknik Panalungtikan

Téknik panalungtikan dina ieu panalungtikan ngawengku dua téknik nyaéta ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina hiji panalungtikan tangtu miboga runtuyan léngkah-léngkah pikeun nyusun panalungtikan. Utamana dina ngumpulkeun data nu mangrupa léngkah utama pikeun meunangkeun data. Saupama téknik ngumpulkeun data teu jelas, panalungtikan tangtu moal bisa meunagkeun data anu standar sarta data nu saluyu jeung panalungtikan. (Sugiyono 2010)

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun pikeun ieu panalungtingkan nyaéta studi kepastakaan nu mangrupa ngumpulkeun data ku cara maca

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

literature atawa sumber nu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik. Data studi pustaka ogé meunang tina data sekunder atawa data dokumen nu patali jeung obyék nu ditalungtik. Udaganna pikeun nyaho kana teori nu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik.

3.2.1 Téknik ngolah data

Arikunto (2013) nétélakeun yén ngolah data mangrupa hiji prosés nu ngagunakeun rumus atawa aturan nu saluyu jeung pamarekan atawa désain panalungtikan. Téknik ngolah data nu digunakeun tina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktural carita dina drama, sruktural naskah drama, jeung psikologi humanistik. Hal-hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita tina drama, struktur naskah drama, jeung psikologi humanistik nu ngawengku pangabutuh jalma.

3.2 Instrumen panalungtikan

Intrumen panalungtikan dina panalungtikan kualitatif mangrupa hiji tindakan tina instrumen jeung ngumpulkeun data. Murni (tina Hasanah, 2017) nétélakeun yén instrumen salian ti manusa nu bisa digunakeun nyaéta angkét, wawancara, observasi, jst. Tapi tangtu fungsinna sawates ngarojong panalungtik salaku instrument konci. Ku kituna, dina panalungtikan kualitatif hadirna panalungtik sipatna mutlak, sabab panalungtik kudu loba interaksi kana lingkungan panalungtikan boh manusa boh non manusa. hadirna panalungtik di lapangan kudu dijéntrékeun, kahadirannana téh dipikanyaho atawa henteu ku subyék panalungtikan. Ieu hal aya patalina ogé kana interaksi panalungtik, tnu aktiff atawa pasif .

Patali kana éta hal panalungtikan ieu ngajadikeun panalungtik jadi instrument utama nu di rojong ku anlisis obyék nyaéta naskah drama “Tukang Asahan“ karya Wahyu Wibisan. Analisis nu dilaksanakeun nilik kana struktur carita darاما, struktur naskah drama jeung psikologi humanistik. Pikeun ngamudahkeun analisis panalungtik nyusun instrumen jadi dua aya instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.1 Intrumén Ngumpulkeun Data

Dina instrumén ngumpulkeun data panalungtik nyusun sababaraha kartu data dumasar kana teori nu dianalisis.

- 1) Kartu Data Struktur Carita dina Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana

(1) Kartu Data Tema

Tema	Data	Cutatan
Kahirupan Tukang Asahan di Alam Dunya		

(2) Kartu Data Fakta Carita (Alur, Tokoh, jeung Latar)

a) Alur

Alur	Data	Cutatan
Eksposisi		
Komplikasi		
Klimaks		
Resolusi		
Kongklusi		

b) Tokoh

Tokoh	Data	Cutatan
Protagonis		
Antagonis		
Kapercayaan		

c) Latar

Latar	Data	Cutatan

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Latar Sosial		
Latar Tempat		
Latar waktu		

(3) Kartu Data Sarana Carita

Sarana Carita	Data	Cutatan
Puseur Paniten		
Gaya Basa		
Simbol		
Ironi		
Judul		

2) Kartu Data Struktur Naskah Drama dina Drama Tukang Asahan karya Wahyu Wibisan

Sarana Carita	Data	Cutatan
Prolog		
Dialog		
Solilokui		
Aside		
Babak		
Adegan		
Epilog		

3) Kartu Data Psikologi Humanistik dina Naskah Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(1) Kartu Data Pangabutuh Fisiologi

Tokoh	Data	Cutatan

(2) Kartu Data Pangabutuh Penghargaan

Tokoh	Data	Cutatan

(3) Kartu Data Pangabutuh Kanyaah

Tokoh	Data	Cutatan

(4) Kartu Data Pangabutuh Rasa Aman

Tokoh	Data	Cutatan

(5) Pangabutuh Aktualisasi Diri

Tokoh	Data	Cutatan

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Dina instrumén ngolah data panalungtik nyusun sababaraha kartu data analisis dumasar kana hasil ngumpulkeun data.

1) Kartu Data Analisis Struktur Carita dina Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana

(1) Kartu Data Analisis Tema

Tema	Analisis	Keterangan
Kahirupan Tukang Asahan di Alam Dunya	Dina carita tokoh nu di sebut tina unggal babak	

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	nyaéta tukang asahan. Sarta carita tukang asahan salaku jalma nu kurang. Unggal babak nu beda latar tempat sarta ngagambarkeun jaman eta nu saolah-olah tukang asahan hirup di alam dunya nu muter.	
--	---	--

(2) Kartu Data Analisis Fakta Carita (Alur, Tokoh, jeung Latar)

d) Alur

Alur	Analisis	Keterangan
Eksposisi		
Komplikasi		
Klimaks		
Resolusi		
Kongklusi		

e) Tokoh

Tokoh	Analisis	Keterangan
Protagonis		
Antagonis		
Kapercayaan		

f) Latar

Latar	Analisis	Keterangan
Latar Sosial		

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
"TUKANG ASAHAN" KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Latar Tempat		
Latar waktu		

(3) Kartu Data Analisis Sarana Carita

Sarana Carita	Analisis	Keterangan
Puseur Paniten		
Gaya Basa		
Simbol		
Ironi		
Judul		

2) Kartu Data Analisis Struktur Naskah drama dina Drama Tukang Asahan karya Wahyu Wibisan

Sarana Carita	Analisis	Keterangan
Prolog		
Dialog		
Solilokui		
Aside		
Babak		
Adegan		
Epilog		

3) Kartu Data Analisis Psikologi Humanistik dina Naskah Drama "Tukang Asahan" karya Wahyu Wibisana

(1) Kartu Data Analisis Pangabutuh Fisiologi

Tokoh	Analisis	Keterangan

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
"TUKANG ASAHAN" KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(2) Kartu Data Analisis Pangabutuh Penghargaan

Tokoh	Analisis	Keterangan

(3) Kartu Data Analisis Pangabutuh Kanyaah

Tokoh	Analisis	Keterangan

(4) Kartu Data Analisis Pangabutuh Rasa Aman

Tokoh	Analisis	Keterangan

(5) Kartu Data Analisis Pangabutuh Aktualisasi Diri

Tokoh	Analisis	Keterangan

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Data nyaéta bahan pikeun panalungtikan nu satuluyna bakal dianalisis. Siswanto (tina Aisah, 2013) nétélakeun yén data nyaéta informasi nu diséléksi, nu hasilna bakal jadi bahan analisis panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data ngeunaan struktural carita dina drama, struktural naskah dina drama jeung psikologi humanistik tina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana.

3.4.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta asal-muasal data dimeunangkeun pikeun panalungtikan. Arikunto (2013) nétélakeun yén sumber data mangrupa subjek

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu dimeunangkeun tina data nu geus dipiboga. Subjék aya tilu jenis nyaéta jalma (person), tempat (place), jeung dokumen (paper) sarta referensi saperti buku, jurnal, éséy, jeung média masa. Sumber data panalungtikan nyaéta naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana nu dicutat tina buku *Mangle edisi 734-735* jeung buku *Lir Cahya Nyorot Eunteung* (Isnendes 2014).

3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur atawa galur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah tina ngolah data, léngkah-léngkah panalungtikan saperti kieu.

1) Reduksi Data

Reduksi data nyaéta milah jeung milih data pokok jeung penting tina hasil analisis data anu dina panalungtikan patalina kana struktural carita dina drama, struktural naskah dina drama jeung psikologi humanistik dina drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana. Léngkah-léngkah dina nganalisis data ieu panalungtikan nyaéta, kieu.

- (1) maca jeung maham eusi naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;
- (2) ngaanalisis struktur carita jeung struktur naskah dina drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;
- (3) Nganalisis psikologi humanistik tina tokoh-tokoh nu aya di naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;
- (4) Nyieun kacindékan tina analisis data.

2) Display Data

Tina reduksi data ngahasilkeun hal-hal pokok tina data nu tuluy di display nya éta di susun jadi rangkaian nu leueih sistematis jeung berpola. Pikeun ngagampangkeun panalungtik pola ieu dijadikeun wangun matriks hasil panalungtikan.

3) Kacindekan jeung verifikasi

Pola nu nyampak tina display data tuluy dijieun kacindekan sangkan data nu dipiboga miboga makna. Proses analisis dilaksanakeun ti mimiti

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngumpulkeun data. Ku kituna kacindekan tina mimiti analisis sifatna tentatif atawa samar. Sangkan hasil kacindekan leuwih akurat , tuluy dilaksanakeun verifikasi nu udaganna pikeun méré jaminan kepercayaan tina hasil panalungtikan.